

Bousdetid Excelsior

Pwogram Bousdetid Excelsior a (Excelsior Scholarship) se yon plan pou premye fwa nan peyi a ki ofri ekolaj gratis nan kolèj piblik pou Moun New York ki kalifye pou yo ale nan yon kolèj oswa inivèsite nan State University of New York oubyen City University of New York.

Yo pral entwodui pwogram nan ofiramezi sou yon peryòd twa ane, kòmanse nan sezon otòn 2017 pou Moun New York ki fè jiska \$100,000 chak ane, ogmante nan \$110,000 an 2018, epi rive nan \$125,000 an 2019.

Èske m ap kapab ale nan kolèj nan SUNY oswa CUNY san frè ekolaj?

Wi. Si ou se yon rezidan Eta New York epi revni brit ajiste fanmi ki nan kay ou (selon taks federal nou pou 2015) pa depase \$100,000 pou ane lekòl 2017-18 la, epi ou fini 30 kredi pa ane, ou pral kapab ale nan yon kolèj SUNY oswa CUNY san frè ekolaj.

Kisa yon "rezidan Eta New York" vle di pou w resevwa sibvansyon sa a?

Pou yo kapab konsidere w kòm yon rezidan Eta New York pou w resevwa sibvansyon sa a, ou dwe te abite nan Eta a pandan 12 mwa san rete anvan peryòd w ap chèche jwenn sibvansyon pou li a.

Konbyen mwen ka resevwa nan Excelsior Scholarship la?

Yon benefisyè Excelsior Scholarship ka resevwa jiska \$5,500 nan Excelsior Scholarship, mwens nenpòt montan li te resevwa pou TAP, Pell oswa lòt bousdetid. Rè s frè ekolaj ou ap kouvri grasa yon kredi ekolaj ki peye pa lentèmedyè SUNY oswa CUNY.

Èske m ap kapab jwenn yon sibvansyon pou sezon otòn nan?

Wi. Elèv ki kalifye pral resevwa sibvansyon pou yo ale nan yon kolèj SUNY oswa CUNY san frè ekolaj pou sezon otòn sa.

Kilè mwen pral kapab aplike pou sibvansyon an?

Yo prevwa aplikasyon pou Excelsior Scholarship la ap disponib nan fen mwa me.

Ki kantite revni fanmi m kapab touche pou li kalifye pou yon sibvansyon?

Pou ane lekòl 2017-18 la, revni brit ajiste federal ki antre lakay ou ka yon total jiska \$100,000 pou li kalifye. Pou 2018-19, montan an ogmante vin \$110,000, epi kòmanse an 2019-20 ak pi devan, revni brit ajiste fanmi ou ka yon total jiska \$125,000.

Èske m kapab jwenn yon sibvansyon si m nan yon kolèj piblik kounye a?

Wi. Elèv ki nan kolèj kounye a kalifye pou resevwa yon sibvansyon, akondisyon yo sou bon wout nan moman an pou fini etid yo atan.

Pandan konbyen tan mwen ka jwenn sibvansyon an?

Ou kalifye pou resevwa yon sibvansyon pou jiska de zan pou elèv k ap chèche jwenn yon diplòm asosyet (associate), epi jiska kat ane pou elèv k ap chèche jwenn yon diplòm bakaloreya (bachelor). Elèv ki nan yon pwogram premye sik etid ki mande senk ane nòmalmant kalifye pou resevwa sibvansyon an pou senk ane.



Higher Education
Services Corporation

Èske m bezwen yon sèten mwayèn nòt pou m resevwa oswa pou m kenbe sibvansyon an?

Pou yo kenbe sibvansyon Excelsior Scholarship yo, benefisyè sibvansyon yo dwe fè yon nòt ki fè yo pase, depi yo fè yon total 30 kredi sou yon peryòd yon ane.

Benefisyè yo dwe met nan tèt yo ke yo ka jwenn lòt sibvansyon ki gen nòm akademik tou ki diferan ak sa yo egzije pou Excelsior Scholarship la.

Èske m kapab jwenn yon sibvansyon si mwen se yon elèv ki transfere?

Yon elèv ki transfere ant kolèj kalifye pou yon Excelsior Scholarship si li sou bon wout pou fini etid li atan selon kantite kredi kolèj li ladan kounye a aksepte.

Aprè mwen resevwa bousdetid la, èske li posib pou m pèdi li?

Ou ka pèdi bousdetid la si ou pa kontinye ranpli tout kondisyon pou kalifikasyon yo. Pa egzanp, ou dwe enskri nan 12 kredi omwen pou chak peryòd epi fini 30 kredi pa ane pou w kontinye resevwa bousdetid la.

Si m fini diplòm asosye m, èske m ka resevwa sibvansyon sa a pou m pran diplòm bakaloreya mwen?

Wi, depi kolèj ou ladan an aksepte tout kredi ou te genyen lè ou te fini diplòm asosye ou an, epi ou ranpli tout lòt kondisyon yo pou Excelsior Scholarship la.

Èske gen nenpòt lòt kondisyon mwen dwe ranpli aprè mwen fini etid mwen yo?

Wi. Ou dwe abite nan Eta New York pandan yon kantite ane ki egal ak sibvansyon ou te resevwa yo. Pa egzanp, si ou te resevwa kat sibvansyon Excelsior Scholarship pandan ou t ap etidye pou diplòm bakaloreya ou, ou dwe abite nan Eta New York pandan kat ane aprè kolèj. Anplisdesa, si w ap travay pandan ane sa yo, ou dwe travay nan Eta New York.

Si w pa ranpli kondisyon sa yo, sa pral lakòz sibvansyon ou an konvèti pou vin tounen yon prè.

Mwen deja gen yon diplòm premye sik. Èske m ka jwenn yon Excelsior Scholarship pou yon dezyèm diplòm?

Aplikan ki deja gen yon diplòm asosye kalifye pou etidye pou yon diplòm bakaloreya. Men, ou pa ka resevwa yon sibvansyon pou w etidye pou yon dezyèm diplòm asosye oswa pou yon dezyèm diplòm bakaloreya.

